Шэрджэс Алий

АдыгэцIэхэр

Черкесские имена

***

Мы тхылъыр дунейм къытехьэпым зи мылъкукIэ зыкъыщIэзыгъэкъуа си шынэхъыщIэ Шэрджэс Мухьэрбий фIыщIэшхуэ хузощI! Езыр хэкупсэ-лъэпкъыпсэу щытщи, лъэпкъ Iуэхухэм куэд зэрахуищIэ и мылъку къызыхихар Тхьэм минкIэрэ хуигъэбэгъуэж! И быпкIи и щхьэкIи мы дуней дахэмрэ IуэхуфIхэмрэ гукъыдэж хуаIэу, узыншагъэ быдэрэ гъащIэ кIыхьрэкIэ Тхьэр къахуэупсэпу сахуолъэIу!

И шынэхъыжь Алий

АдыгэцIэхэр

Мы дунеишхуэм тет дэтхэнэ лъэпкъми езым иIэжщ адрей псоми къазэрыхэщ цIэ унейхэр. Дэри, адыгэ-абазэ-абхъаз лъэпкъхэм ди куэдщ къинэмыщIхэм я бын фIамыщу, фIащыпэнуми тэрэзу къахуэмупсэлъ ди лъэпкъыцIэхэр.

Адыгэхэм я тхыдэм щызэпача илъэс мин бжыгъэ гъуэгу хьэлъэм къыщызэранэкIащ дин лIэужьыгъуэ зыбжанэ, я гугъу пщIы хъуну. Ахэр – езы лъэпкъым къигъэщIыжауэ ей дыдэ, лъэпкъыр къэзухъуреихь дунейм нэхъ и гъунэгъуу, абы сыткIи хуэгумащIэу щыта мэжусий диныр, алыджхэмрэ урымхэмрэ я миссионерхэм къыздахьу, адыгэхэм я мызакъуэу адрей Ищхъэрэ Кавказым и щIыдэлъху лъэпкъэхэми къыхалъхьэ хуэдэу ящIа чыристан диныр, Мысырымрэ Щамымрэ адыгэ мамлюкхэм щаIыгъа пащтыхьыгъуэр яIэщIэкIа нэужь Хэкужьым къэзыгъэзэжа адыгэхэри къагъэсэбэпурэ тырку, кърым тэтэр ефэндыхэм егъэзыгъэкIэ адыгэхэм къэрагъэщтэгъа муслъымэн диныр жэуэ.

Мыхэм япэкIи щыIащ цIыхухэм Дыгъэмрэ МафIэмрэ я Тхьэу щыщыта дин лIэужьыгъуи, зороастрийскэкIэ еджэу. Мыбдеж зэуэ жыIэпхъэщ сыт хуэдэ дин лIэужьыгъуэми адыгэхэр зэрешлъу щытар я гъащIэм деж дэIэпыкъуэгъу пэлъытэу къагъэсэбэпущ, дэтхэнэ динми и Тхьэр сэбэп мыхъуфми, зэран мыхъунущ нэхъкIэ псомкIи абы щыгугъыу, щхьэгъэпудыжу зы динми пылъакъым, иджыри пылъкъым. Ар нартыжьхэм я деж къыщожьэ Тхьэхэм еныкъуэкъуфу зэрыщытар. Дэтхэнэ лъэпкъри ар и ежэлIапIэу диным нэхъ хуэныкъуэ щыхъур – лъэпкъым е зэрыхэкуу тхьэмыщкIагъэщхуэ къащылъысращ, я зэIуззэпэщыр щехуэхыпэращ. Къэралым щыпсэухэм я гъащIэр мылъкукIи зэхэтыкIэкIи цIыхум зэрыхуэфэщэну къызэгъэпэщамэ, диным и Iуэхури нэхъ тыншу йокIуэкI, текъузэныгъи хэмылъу, диныр ущхьэгъу зыщIу зыкъэзыIэт еIуящIэхэри мылъэпхъащэу. Апхуэдэ гъащIэ зэхэтыкIэм набдзэгубдзаплъэу пхыплъыфа адыгэм арагъэнщ щIыжиIэфар: «Хэт и тхьэмыщкIи дин щIэкъущ!» - жэуэ. Дэтхэнэ динри къабзэу зехьэпхъэщ, ар зезыхьэ цIыхури къабзэу, зэрихьэ диным и хабзэхэри ищIэу, игъэзащIэу. Чылисэм е мэжджытым укIуэу, Тхьэр уи фIэщ хъууэ жыпIэу, укъыщIэкIыжмэ сыт хуэдэ дин лIэужьыгъуэми имыгъэдахэ мыхъумыщIагъэхэр блэжьу уежьэжкIэ - ар дин зехьэкIэ хъун? Ар дин уцIэпIыкIэщ! ЦIыхухэр щIэныгъэ Iуэхум зэрыхуеджэм хуэдэу дин хабзэхэмкIи зэхэщIыкI яIэу щытмэ, езы цIыхухэмкIи нэхъыфIщ, къэралымкIи куэдкIэ нэхъ тыншщ.

Сыт хуэдэ динри лъэпкъым къыщыхыхьэкIэ, езым къскIу, езым къыздрихьэкI хабзэ цIэхэри здыхехьэ. Псалъэм папщIэ: - чыристан диныр зыIыгъ цIыхухэм зэрахьэу щыткъым муслъымэн диным къыздрихьэкI хьэрыпыцIэхэр. Муслъымэнхэми (нэхъыбэ дыдэм) я бынхэм фIащкъым чыристаныцIэхэр.

Адыгэхэм чыристан диныр къалъэIэс щIидзащ урысхэм япэ илъэс щэ бжыгъэкIэ иту, ди лъэхъэнэм и е 4-5 лIыщIыгъуэхэм. Ауэ а динымрэ адыгэхэмрэ зэман кIыхькIэ зэрызелъэфами, дин тегъэчынаи яхуэхъуакъым, ди

нобэм къэсыну и фэеплъ щIагъуи къэнакъым. А зэманым дэ къыттетхыхьа хамэ щIэныгъэлIхэми, зекIуэлIхэми, сатуущIэхэми, диныгылажьэхэми анщыгъуэм лъэпкъым зэрихьа цIэхэм ящыщу я IэдакъэщIэкIхэм къахэщыжыр закъуэ-тIакъуэ дыдэщ.

Чыристан диным адыгэхэм къахина цIэхэм, фIэщыгъэцIэхэм къатекIыжауэ иджыри къыддызокIуэр: - Щоджэн, ЩоджэнцIыкIу, Къардэн, Джэрджэ, Ауш Джэрджий, Бэрэскэ цIыкIу (бэрэжьей), Бэрэскэшхуэ (мэрем), Чылисэ, IутIыж (пасха), бэрэздж (пост – нэщI) – жыхуиIэм хуэдэхэр.

КIахэр Крымым нэхъ и гъунэгъу пэтми, муслъымэн диныр нэхъапэ адыгэхэм къыхалъхьэн здыщIадзар Къэбэрдейрауэ плъытэ хъунущ. Абы щыхьэт тохъуэ Урысей пащтыхь Иван IУ- нэм щхьэгъусэу ирагауэ щыта Темрыкъуэ ипхъу Гуэщней щIыгъуу кIуа адыгэпщхэмрэ уэркъхэмрэ муслъымэныцIэ зезыхьэ яхэтт, къулыкъум пэрагъэувэн и пэкIэ жортещIэ къыхуашIыжу . Езы Гуэщней дыдэ и гъыбзэм хэтщ мыпхуэдэу:

Си адэ-анэри, сэрмахуэ гущэ,
МэжджытымкIэ макIуэкъэ, уей.
Чылисэм яшэхэм сэ сахэхуа гущи,
Сыгуэщней мыгъуэт, уей. – жэуэ.

Апхуэдэу щыщыткIэ, XVI –нэ лIыщIыгъуэм и зэхуэдитIхэм къэбэрдей къуажэхэм мэжджытхэр дэтыххэт. Къэбэрдей адыгэхэм муслъымэн диныр нэхъ щIэх къалъэIэсами, КIахэмкIэ (абазэхэхэм, натхъуейхэм, бжьэдыгъухэм, кIэмыргуейхэм, мамхэгъхэм н.), XIX лIыщIыгъуэм и зэхуэдитIхэм иджыри кхъуэ зэрахуэт, къуажэ кхъуахъуэ яIэу. Ар зэманкIэ зытехуэр Щамил и лIыкIуэу адыгэхэм я деж къигъэкIуауэ щыта наиб Мухьэмэд-Iэмин и гуащIэгъуэу АдыгэщIыр Ислъам Республикэ ищIыну щыпылърат ислъамым и дин радикализмыр и лъабжьэу, ыып удзыфэм шIэту адыгэхэр къэзэуат зауэм щыхуриджэм. Мухьэмэд-Iэмин иригъэкIуэкIа политикэр хущIэрыIэныгъэшхуэ хуэхъуат КIахэ адыгэхэм я деж муслъымэн диным нэхъ щIэх зыщиубгъуным.

Ину умыгъэщIагъуэу къанэкъым илъэс мин бжыгъэкIэ адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуа анэдэлъху цIэ унейхэр зэман кIэщI дыдэкIэ (илъэс 300 хуэдизкIэ), езыхэр хуэмеиххэу зыхагъэзыхьа диным къыздихьа хьэрыпыцIэхэмкIэ зэхъуэкIа зэрыхъуар. ДызэрепльымкIэ, абы нэхъ щхьэусыгъуэ хуэхъуагъэнщ хьэрыпыбзэми адыгэбзэми яхэт макъхэм я нэхъыбэр зэрызэтехуэр, а цIэхэр адыгэхэмкIэ жыIэгъуафIэу зэрыщытыр, щIэх щхьэм къызэринэр, я IукIэри гум къиштэу зэрыщытыр.

Нобэ дэтхэнэ адыгэ къызэрыкIуэр хэбгъэзыхьмэ, адыгэцIэу щэм нэс къыбжиIэфыну яхэбгъуэтэнур зырыз дыдэщ, ари нэхъ ныбжь зиIэхэм. Ар тхьэмыщкIагъэу зыримыкъу щыIэкъым: лIыщIыгъуэ мытынш Iэджэми къапхыкIа ди цIэ хъарзынэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу хамэцIэкIэ зэпхъуэкIыныр! Насып гуэр дэ къытхуэнэжати, унагъуэцIэхэр къожьэ, ахэм куэдкIэ я нэхъыбэр цIэ унейхэм къатохъукIыжри, ди нобэм къынахьэсащ.

Хэти щхьэж и кьуажэ, и хьэблэдэсхэм я цӀэу зэрахьэхэм кӀэлъырепльи, дапщэ къыхибжыкӀыфынур адыгэцӀэу? Щэм деж нэхъыбэми плӀы- тхущ, ахэри зэзыхьэр нэхъ нэжыӀужьхэращ. Уеблэмэ зэрыхъуар араща, иджы дызыщӀэзыбла хьэрыпыцӀэхэр адыгэцӀэ къабзэу я фӀэщ хъужыпауэ къыродауэ, нэхъыжьыӀуэхэри яхэту.

Мис апхуэдэ кӀэльыплъыныгъэмрэ дигурэ ди щхьэрэ зэбгъэжыныгъэмрэ къахэтха гукъеуэщ адыгэцӀэхэр мыкӀуэдыжыпэ щӀыкӀэ зэхуэхьэсыжыным и ужь дизыгъэхьар, щхьэхыгъуи къыдэзмытар, мы Ӏуэху мытыншым гукъыдэжи худизыгъэӀар.

Муслъымэн диныр къыщытхэмыхьам ди анэжь-адэжьхэм зэрахьэу щыта цӀэ унейхэм нобэрей ди щӀэблэр щӀэдэӀумэ, куэдым я фӀэщ хъугъуей хъунущ апхуэдэцӀэхэр дяпэ итахэм зэрахьауэ икӀи иджырей Мухьэмэд-Хьэмэдейхэм, Наташэ - Фатимэхэм къахэкӀынщ а ди адыгэ цӀэжьхэм щыдыхьэшхын. Ауэ апхуэдэхэр гъуджэм бгъэдэувэу, езым зыхузэкӀэщӀишыжурэ зыщыдыхьэшхыжым хуэдэ хъунущ. Мы лэжьыгъэм къыщыхьа цӀэхэм яхуэдэ адыгэхэм зэрахьэу щыгауэ зи фӀэщ мыхъухэр нэхъапэ егупсысыпхъэщ а цӀэхэр зэрахьэу щыщыта лъэхъэнэм мыслъымэныцӀи, чыристаныцӀэ щӀагъуи зэрахьэу зэрыщымытам, езы ди лъэпкъри мелуан бжыгъэ хъууэ зэрыщытам. Уи блэкӀар умыщӀэу абы и налъэхэм ущыдыхьэщхыныр е гуемыӀу пщӀыныр уи щӀэныгъэм, уи зэхэщӀыкӀым хунэмысу иӀэр къэзыгъэлъагъуэ нэщэпэ мыщхьэпэщ. Абы Тхьэм дыщихъумэ!

Мы лэжьыгъэм къыщыхьа цӀэхэм куэд яхэтщ нобэ ауи гъунэгъуу адыгэ сабийхэм фӀамыщыжхэри, зэи фӀамыщыжынухэри. Дауи, хъунут ахэр картотекэм иттхэу архивым хэтлъхьами, ауэ апхуэдэ цӀэхэри лъэпкъым зэгуэрым зэрихьащ, ахэр ди тхыдэм къыхэих мыхъун и Ӏыхьэщ, щӀэныгъэлӀ зырызхэм къинэмыщӀа къызэрыкӀуэ цӀыхухэр НИИ-хэм кӀуэурэ а картотекэм хэплъэфынукъым. Абы папщӀэ къэглъытащ ахэри тхылъым итмэ, цӀыхубэр нэхъ нэӀуасэ хуэхъуфыну, егъэджакӀуэхэм, еджакӀуэхэм, журналистхэм, тхакӀуэхэми сэбэп къахуэхъуну. Тхылъыр куэдкӀэ нэхъ гъуэтыгъуафӀэщ архивым хэлъым нэхърэ. Ахэри Ӏуэхум къыхэтлъытащ.

Нобэ дэ дгъуэта щӀэныгъэм, зыужьыныгъэм, гъапӀэ зэхэщӀыкӀым я тэрэзэм дяпэ итахэм яхуэщӀа-яхуэмыщӀахэр тепльхьэу ипэчыну ухуежьэмэ, Ӏэджи хэбгъуэтэнщ умыгъэщӀэгъуэнкӀэ Ӏэмал зимыӀэ ӀуэхугъуэфӀхэри, нэхъыфӀу пхуэщӀэну щыта щыуагъэхэри. Ауэ апхуэдэ хэт игу къэкӀми, а дяпэ итахэм я пӀэ езыр зы дакъикъэкӀэ иреувэ: тхэкӀи еджэкӀи имыщӀэу, пэщӀэдзэ еджапӀэ къудеи къимыухауэ, зауэм къыхалъхуэрэ а кӀэ зимыӀэжыххэ зауэм цӀыху хуэдэу зыщӀэсын унэ кьудей щӀыпӀэ кърпмыту, зы бийр хигъащӀэмэ – адрейр къыкъуэкӀыу зэрыпсэуахэм. Апхуэдэу щыт пэтми, дунейм щытелъыджэ и хабзэфӀхэр, адыгагъэр, цӀыхугъэшхуэр игъэкӀуэдакъым. и бын гъэсахэр хэкупсэу ипӀыфу, и лӀыгъэкӀи дахагъэкӀи цӀэрыӀуэу, и нэмысым и къабзагъэр имыгъэхуадэу: ипэкӀэ ди Хэкум къытебэнэгъа бий къомым я гугъу умыщӀыххи, илъэсищэм щӀигъукӀэ зи зауэ машинэр нэсу зэтегъэпсыхьа пащтыхьыгъуэшхуэ

Урысейм пэщIэтыфащ Адыгэр, и щхьэр хуимыгъэщхъыу! Апхуэдэ лIыгъэм щхьэщэ хуэфащэкъэ?

Урыс – Адыгэ зауэжьыр екIуэкIыху игъащIэм зы зэран езмыщIа ди лъэпкъым лъапсэихыр къыхуахьу късзэуахэщ: - императорхэу – 5, генералхэу – 50, Адмиралхэу – 2, фельдмаршалхэу – 2, полковникхэу – 25 (КIахэ къудеймкIэ), графхэу – 3, зы барон, зы маркиз, зы хъан, зы мурза, къэзакъ атаманыщхуэхэу – 7, адрей хъунщIакIуэ-укIакIуэ нэхъ цIыкIуIуэхэу зи бжыгъэр къыпхуэмыбжыжынухэр яхэмыту!

А зауэжь хэкукъутэм и гугъу щытщIкIэ дэ дызэгупсысын хуейри, тхуэмыухыу сыт щыгъуи дгъэщIэгъуэн хуейри апхуэдиз къару мэхъаджэм илъэсищэм щIигъукIэ (усблэмэ – илъэси 150-м нэсым), ирипэщIэтыну къару, мыухыжыххэ шыIэныгъэ, лIыгъэ къэмылэнджэж, мылъку дэнэ кърахa зи щIыхьыр гъунэншэ дяпэ итахэм?! Сытыт и гум щыхъэн хусйр зауэм и мафIэм халъхуэу, хапIыхьыу, гъащIэм и зы гурыфIыгъуи имылъэгъуауэ игъуэнэмысрэ игъуэджэкъутэу а зауэ мыухыжым хэкIуэдэж адыгэм? Мис абыхэм тIэкIу нэхъ мыIэми егупсысмэ зэрантэкъым нобэ зи лIыгъэмрэ зи лъэпкъ зэхэщIыкIымрэ кIэричу щIидза, лъэпкъ Iуэхухэмрэ анэдэлъхубзэм и гузэвэгъуэмрэ хуэгунэфын, лъэпкъым и блэкIа псори хьэм езыгъэхьын щIэзыдза ди адыгэ щIалэгъуалэм ящыщхэр! Уи щхьэр зэ нэхъ умыгъэщхъми, уи пщэхуэхэр хешри, щхьэр уардэу Iыгъыным зэранышхуэ хуэхъуу щIедзэ!

КIэ зимыIэжыххэу екIуэкIа а зауэжьым ди Адыгэ Хэкур зэрипхъуэу зэтрикъута къудейкъым, цIыхурэ мылъкурэ къытхуимыгъэнэжа къудейкъым, атIэ къутахуэ гуэрхэм нэхъ къэмынэу удын шынагъуэ ирихащ ди щэнхабзэми, ди гъуазджэми, анэдэлъхубзэм и зыужьынми, ди мэкъумэшми, Iэщхъуныгъэми. Зи фIыцIэр жыжьэ Iуа адыгэш лъэпкъ 55-рэ гъазэ зэи ямыIэжыну хисыхьащ а зауаем, лъэпкъ къэс езым и дамыгъэрэ шыгъэрэ иIэжу. Ди бзэ бей дыдэмрэ ди IуэрыIуатэ лъашIэншэмрэ я фIыгъэу а зауэм хэкIуэда ди цIыху минищэ бжыгъэхэм хьэдрыхэ здахьар хэг къилъытэфыну, хэти зэфIигъэувэжыфыну? А зауэм и лъэужь фIыцIэр зэи темыкIыжыну къыхуэнащ ди лъэпкъ хейм.

«АдыгэцIэхэр» щыжытIэкIэ мыри щIыгъужыпхъэщ: дунсйм зы лъэпкъи теткъым икIи тстагъэнкъым и закъуэ дыдэу зиужьыфу, псэуфу. Iэмал имыIэу лъэпкъ къэс и гъунэгъухэми, нэхъ жыжьаIуэхэми пыщIэныгъэ хуаIэщ, сату зэдащI, зэхохьэ – зэхокI, яIэхэмкIэ зохъуэж, зозауэ – зокIуж, зым адрейм кIэрилъэгъуа нэхъыфIыр къеццтэ, зэдоплъей. Бзэхэри лъэныкъуэкIэ къанэкъым – зызырапщыт, псалъэхэри цIэ унсйхэри зэхозэрыхь.

Ди лъэпкъым и жэнэт щIыналъэм къыщIэнэцIу Iэщэрэ мафIэрэкIэ абы щхьэпрыкIа зэрыпхъуакIуэ къомым, фIейм хэлъа дыщэм псы зэригъуэтыжу къызэрылыдыжым хуэдэу къэтэджыжу, а бий куэдым яIурылъа бзэ зэмыщхь-зэмыфэгъухэм яхэмышыпсыхьыжу ар зей ди лъэпкъри, ди анэдэлъхубзэри хъума зэрыхъуар телъыджэу зыримыкъу щыIэкъым. АтIэ а ди лъэпкъми ди адыгэбзэ лъэщми яIуэтыфа бий щIэин къомым я лъэужьи къыхэнащ ди бзэм, къыхэна къудей мыхъуу, бзэ щIэныгъэлIхэм къинэмыщIхэм гу лъыдмытэжыххэу ди псалъэхэм ящыщ хъужыпащ, зейми демыгупсысыщэу

махуэ къэс къэдгъэсэбэпу. Апхуэдэ псалъэхэм, пкъыгъуэхэм, жыIэгъуэхэм къатекIыжа цIэхэм хамафи ятетыжкъым, бзэм зэрыхэтрэ куэд текIыжащи, дин хуэмэбжьыми къакIэрихкъым: Аслъэн, Къаплъэн, Батыр, Бэчыр, Долэт, Елдар, Адэмей, Наурыз, Темыр, Бэрэгъун, нэгъуэщI куэдхэри.

Адыгэбзэр нэгу къыщIэгъэхъэгъуейщ «бэч, къан, хъан» хуэдэхэр хэмытыжу, ахэм къатехъукIыжа цIэ унейхэр апхуэдизкIэ ди бзэм фабгъуэу хэгуэша хъуащи. Псом хуэмыдэу цIэ тIуащIэу адыгэкIэ къригъажьэу мыхэмкIэ яухыу е мы къэтхьа псалъэхэмкIэ къригъажьэрэ адыгэцIэкIэ иухыу щытхэр: Хьэбэч, Даурхъан, Мэшкъан, Бэчышхуэ, ХъанцIыкIу, Къандыгъэ, Хъанщауэ, Жылэхъан, Хъанокъуэ – жыхуиIэм хуэдэхэр ди бзэм дауэрэ хэбдзыну?

НэгъуэщI лъэныкъуэкIи бгъэдыхьэпхъэщ адыгэцIэхэр къызытекIам. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, бзэм елэжь адыгэ щIэныгъэлIхэу зи Iэдакъэщ IэкI щIэдджыкIахэм зэхьэзэхуэ ящIым хуэдэу зи мыхьэнэр езы ди бзэм къиIуэтэж псалъэхэм, ахэм къатехъукIыжа цIэхэм я купщIэм, я къежьапIэм Iэмал имыIэу хамэбзэхэм щолъыхъуэ. Псалъэм папщIэ Хьэту, Абыдэ, Жынэ (зи нэр жам хуэдэу къоплъым хъужаIэ), Къудей псалъэхэми цIэхэми я къэпсэлъыкIэкIэ къапэгъунэгъу хьэрыпыбзэми, тыркубзэми, бурят-монголыбзэхэми Iэджэ хэбгъуэтэнущ ахэм дэ къитх мыхьэнэр а зыхэт бзэхэм щамыIэу, апхуэдэхэр щхьэ зэкIэрыIупхъэ?

Ди адыгэцIэхэм яхэтщ нобэрей ди гъащIэм и зэхэщIыкIым зи мыхьэнэр къыхуэмытIэсыжхэри, псом хуэмыдэу «а»-кIэ къыщIидзэхэр: Ажгъуей, Азубэч, Азус, Айкъуэ, Акьсий, Алэдж, Алэкъей, Ансыкъуэ, Аргъыж, Асо, Ауныс, Ахъмэ, Ахъсэ, н. ку. Хуэбгъэфащэ хъунущ мыпхуэдэхэр абхъазхэмрэ абазэхэмрэ къахуэна псалъэпыувэ (артиклыр) «а» - р ди бзэми щиIа лъэхъэнэ жыжьэм къыщежьауэ.

ДызэрегупсысымкIэ, апхуэдэ цIэхэм щылъыхъуапхъэщ дэ нэхъ ди гъунэгъу абазэ-абхъаз бзэхэм, уеблэмэ Ищхъэрэ Кавказым и щIыдэлъху лъэпкъхэм я бзэхэми. Ахэм яхыумыгъуатэрэ, итIанэ щылъыхъуэ нэхъ тпэжыжьэ хамэбзэхэми, апхуэдэм гукъанэ хилъыжкъым.

«АдыгэцIэхэр» щIэзыпщтыкIым мыбыи гу лъытапхъэт: щхьэ къегъэжьапIэу «цIэ» щIыжьтIар адыгэ унагъуэцIэхэм къанэ щIагъуэ щымыIэу къежьапIэ яхуэхъуар цIэ унейхэрауэ щытщи арэщ. А унагъуэцIэхэр къызэрежьэри куэд дыдэ щIакъым, илъэс 500 хуэдиз текIар. Псалъэм папщIэ адыгэ лъэпкъым и пщышхуэ Iнал и унагъуэцIэр хэт? И къэтщтэнщи – Ридадэ, Дауищ, Борэжь, Андемыркъан сымэ унагъуэцIэ зрахьа? Мыхэр щыпсэуа лъэхъэнэм иджыри унагъуэцIэ щыIакъым. Пэжу апщыгъуэми зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж дэтхэнэ адыгэми игъэгъуащэу щытакъым и анэкIи и адэкIи къызыхэкIахэр нэхъ мащIэми зIэужьиблкIэ, зIыхьлыхэр тэрышэжу лъы зэхэдэ мыхьун папщIэ. Апхуэдэр къэзымыбжыфыр щыхьэту ягъэувтэкъым, пщIэи хуащIтэкъым. Щыкум фIыгъэ гуэр зыкIэрыльа адэ иIамэ, абы и цIэр и къуэм драIуэт хуэфащэмэ: Дау и къуэ, ХьэтIэхъу и къуэ, Уэзыр и къуэ н. ку.

КъардэнгъущI Зырамыку сымэ къызэрахутэжамкIэ, адыгэпщхэмрэ лIакъуэлIэшхэмрэ, уэркъхэм унагъуэцIэ къащтэ щыхъуа лъэхъэнэр зытехуэр

Къазий и къуэ ХьэтIыхъущокъуэ-ябгэ езым и цIэр и бынхэм унагъуэцIэу яфIигъэува нэужьщ. УнэIутхэм, адрей къызыхэкIакIэ щхьэхуимыт цIыхухэм темыгушхуапэурэ унагъуэцIэ къащтэн щыщIадзар АдыгэщIыр зэрызыпхъуа Урыссйм пщылIыгъэр ягъэкIуэда нэужьщ. Урыс пащтыхьым и хабзэм щIэхуа адыгэпщхэми я пщылIхэр хуит ямыщIыжу хъуакъым. Ауэ а зиусхьэн блэгущIэм щIэтурэ, зыгъэпуд фIэщыгъэцIэхэр зи цIэхэм пагъэувэу (ТIатIу-къуий, ХьэтIотI-Iэшэ, Гъурэ-дзагуэ, Нэфо-бацэ, Цыкъын) еса куэдым унагъуэцIэ яIакъым 1917 гъэм и Октябрым къэхъуа Революцэшхуэм хуиг дыдэ къищIыжыхухэкIэ.

ХамэщI ис адыгэхэм ящыщу лъэпкъыр Хэкум щрахум унагъуэцIэ зимыIахэм нобэ нэбгъузкIэ спль яхэтщ икIи апхуэдэ цIыху зэхэдзыр зэран къахуэмыхъуу къанэкъым лъэпкъым и хьэлэмэтым, зы къаруузэ зэрубыдауэ адыгэу къызэтснэным щIэбэнынным.

Урысейм дежи унагъуэцIэхэр япэу къэзыщтэн щIэзыдзар пщыхэмрэ уэркъхэмрэщ ХУ-нэ лIыщIыгъуэм къыщыщIэдзауэ. А лъэхъэнэри щIагъуэкIэ къыщхьэщыкIкъым адыгэхэми я унагъуэцIэ къежьэгъуэм. ИужьыIуэкIэ нэхъ купец, помещик лъэрыхьхэми унагъуэцIэ къащтэу щIадзэ. Аращ «именитый купец» жыхуиIэр къызытражыIыкIари - «цIэ зиIэ, унагъуэцIэ къэзыщтэфа» - жэуэ къикIыу.

ЗылъэкIхэм, бжьыпэр гъащIэм цызыIыгъхэм ягъэлажьэ, а зылъэкIхэр зыгъашхэ-зезыхьэ цIыху щхьэхуимытхэм фэ щIагъуэ ираплъу щытакъым, Iэщым пэзыщIхэри куэду яхэтащ. УнэIутым и IэпкълъэпкъкIэ дагъуэ гуэр иIэмэ е зэрымыщIэкIэ мыхъумыщIагъэ гуэр къехъулIамэ, а дагъуэр цIэ пыгъэувэ хуэхъужт: Бжьыгуэ, Лъашэ, Iэшэ, Пщагуэ, Дзагуэ, Бацэ, Iэдамэкъуэ, БацэкуэщI, Хьэпэ, ХьэIупэ, КхъуэIуфэ, ТхьэкIумашэ, Нашэ - жыхуиIэм хуэдэхэр. Ахэр псори цIыхум и пщIэр зыгъэльахъшэ, зыгъэцIыкIу, и щхьэр къезмыгъэIэт цIэхэт, уеблэмэ цIэ дыди яхужыпIэ мыхъуну - фIэщыгъэцIэ лейхэт.

Зэман къэунэхуу псоми унагъуэцIэ яIэн хуей щыхъум, унагъуэм я нэхъыжьым и цIэрат нэхъыбэу унагъуэцIэ яхуэхъури, а нэхъыжьым зэрихьа цIэ лейр унагъуэцIэ яхуэхъужт.

АдыгэцIэхэм щIагъуэ яхэткъым «къуэ» псалъэр зыпыбгъэувэ мыхъун. «Жьы» - жыхуиIэри апхуэдэ дыдэщ. А псалъэхэр зыпыту дэ къэтхьа цIэхэр тхылъхэм ярыту, газетхэм къатехуауэ, ди уэрэдыжьхэм, таурыхъхэм, шыпсэхэм яхэту дызыхуэзаращ, апхуэдэцIэ зиIэу дызыхуэза цIыхухэм зэрахьэхэращ.

АдыгэцIэхэр я къежьапIэ, къызытехъукIа и лъэпыкъуэкIэ куэд дыдэу гуэшащ:

I. ЦIЫХУ IЭПКЪЛЪЭПКЪЫМ КЪЫТЕХЪУКIАХЭР:

а) ЩХЬЭМ: Щхьэныкъуэ, ЩхьэгъущI, ЩхьэкIащIэ, ЩхьэмытI, Щхьэшэ;

б) ТХЬЭКIУМЭМ: ТхьэкIумашэ, Дагуэ, ТхьэкIумэIув, ТхьэкIумэжь;

в) ПЭМ: Пагуэ, ПэтӀей, Пэныкъуэ, Пэжьныкъ, Пэухъ, ПэцӀурэ;

г) ПАЩӀЭМ: ХьэхъупащӀэ, ПащӀэ, ХьэпащӀэ, ПашӀэжь, ПащӀэплъ;

д) ЩХЬЭЦЫМ: Щхьэцыгъуэ, ЩхьэцфӀыцӀэ, Щхьэцдыщафэ, Щхьэкъудас;

е) ЖЬЭМ: Жьэхъу, Жьэмахуэ, Жьэмыгъуэ, ЖьэущӀ, Жьэмей;

ж) ӀУПЭМ: ХьэӀупэ, КхъуэӀуфэ, Ӏупэжь, КъамылапщэӀупэ, Ӏупэбаринэ;

з) ПЩЭМ: Пщагуэ, ПщэкӀэщӀ, Пщашэ, Пщэбыдэ, ГъущӀыпщэ, Пщакъэ;

и) НЭМ: Нагъуэ, Нащхъуэ, Нэкъуэлэн, НэцӀу, НакӀэцӀу, НэгуфӀэ;

к) ӀЭМ, ӀЭПЩЭМ: Ӏэбыдэ, ЖырыӀэ, ЖырӀэпщэ, ӀэкӀыхь, Ӏэпщацэ;

л) НЫБЭМ: Ныбэ, Ныбэжь, Ныбэхъу, НыбэхуэфӀ, Ныбабгъуэ;

м) ЛЪАКЪУЭМ: Лъаджэ, Лъэбыцэ, Лъэбышэ, Лъэкъым, Лъащэ, Лъэбыдэ;

н) ФЭМ и ТЕПЛЪЭМ: Къарэ, ФӀыцӀэ, Сырыху, Тхъуэплъ, Мурэ;

II. ЦӀЭ ЩЫПЭХЭХЭМ (АДЭЦӀЭХЭМ) КЪАТЕХЪУКӀАХЭР: Хьэтыкъуэ, ГъущӀокъуэ, Гъуэщокъуэ, Мэщыкъуэ, Уэзырокъуэ, Хьэмхъуокъуэ, ЩӀэсырокъуэ, Дамыкъуэ.

III. ЦӀЫХУХЭМ Я ЦӀЭХЭМРЭ ПСЭУЩХЬЭЦӀЭХЭМРЭ «жь»-р япыувэу къэхъухэр: Дыгъужь, ТӀыхъужь, Гъурыжь, Къарэжь, Щауэжь, Дзыгъуэжь, Хэжь, Хьэжь, Тӏымыжь.

IV. ЦӀЫХУ ӀЭЩӀАГЪЭХЭР ЗИ КЪЕЖЬАПӀЭХЭР: Лэгъупэжь, Мэлыхъуэжь, ДыщэкӀ, ВакъащӀэ, ПхъуантащӀэ, УанащӀэ, ВакӀуэлӀ, ЩакӀуэ, ГъуаплъащӀэ.

V. ӀЭЩХЪУНЫГЪЭМ КЪЫТЕХЪУКӀАХЭР: Алащэ, Ажахъуэ, Выхъуэ, Бжьахъуэ, ШкӀэбахъуэ, Мэлбахъуэ, Кхъуэхъу, Кхъуэнэ, Шыбзыхъуэ, КӀэсахъуэ.

VI. ГУБГЪУЭ ЛЭЖЬЫГЪЭМРЭ АБЫ ЕПХА ӀЭЩӀАГЪЭХЭМРЭ КЪАТЕХЪУКӀАХЭР: МахуэлӀ, БжьыхьэлӀ, ГъуэгулӀ, МэшылӀ, МэшбащӀэ, МэшхуэфӀ, МэкъулӀ, Вэрокъуэ.

VII. КЪЭХЬ – НЭХЬЫМКЪЫТЕХЪУКӀАХЭР: Дзэмыхь, Былымыхь, Хъубжэхь, Бланэхь, Бланэмыхь, Емыгъэхь, Шыпщэрыхь.

VIII. ЗЫГУЭР КЪЭГЪУЭТЫН ӀУЭХУМ КЪЫТЕХЪУКӀАХЭР: Гъуэт, Жылэгъуэт, Щауэгъуэт, Былымгъуэт, Къамгъуэт, Пщыгъуэт, Пщыгъуэтыж, Шыгъуэтыж; (Мыхэм я нэхъыбэр гъафӀэгъэцӀэщ).

IX. «ЦӀЫКӀУ» ПСАЛЪЭР ЗЫПЫУВЭУРЭ КЪЭХЪУХЭР: ШуцӀыкӀу, ДыгъэцӀыкӀу, ЛӀыцӀыкӀу, ХьэщӀэцӀыкӀу, ПшыцӀыкӀу, НэхуцӀыкӀу, ГуащэцӀыкӀу; (мыхэри гъафӀэцӀэщ).

X. ЗЫГУЭР ШЭН – КЪЭШЭЖЫНЫМ КЪЫТЕХЪУКӀАХЭР: Гъэсашэ, Шыгъушэ, Хьэзешэ, Мэкъушэ, Дзэзешэ, Хушэ, Гурышэ.

XI. «МАХУЭ» ПСАЛЪЭР ЗЫПЫУВЭУРЭ КЪЭХЪУХЭР: Пщымахуэ, Щомахуэ, Шумахуэ, ХьэщӀмаху, Хьэмаху, ЛӀымаху, Дахэмахуэ, Пщащэмахуэ.

XII. ЗЫГУЭРЫМ ЗЭРЕНЫКЪУЭКЪУР, ЗЭРИЖАГЪУЭР КЪЭЗЫГЪЭЛЪАГЪУЭ «БИЙ» КӀЭУХЫР ЗЫПЫУВЭУ КЪЭХЪУХЭР:

(Мыхэр хэбгъэгъуащэ хъунукъым тырку льэпкъхэм я «бей» псалъэр зыпытхэм) Тыркубий, Тэтэрбий, Урысбий, Бэчбий, Жылэбий, Хъубий, Хьэбий, Пщыбий, Лlыбий.

XIII. «БЭЧ» (зиусхьэн, быдэ) – ПСАЛЪЭР ЗЫПЫУВЭУ КЪЭХЪУХЭР: Къалэбэч, Аслъэнбэч, Къазбэч, Бэрбэч, Іэхъуэбэч, Бэчмырзэ, Бэчкъан.

XIV. «КЪАН» (лъы, Іыхьлы) ТЭТЭР ПСАЛЪЭМ КЪЫТЕХЪУКІХЭР: (адыгэкІэ - «быфыкъуэ, вэкъуэ, пІур» - жэуэ диІэщ) Пщыкъан, Тэтэркъан, Жылэкъан, Псэкъан, Къангуащэ, Къанэху, Къансинэху, КъанцІыкІу, Мэзкъан, Къанкъуэш, Къанкъуэщ.

XV. «ЖАН» ПСАЛЪЭМ КЪЫТЕХЪУКІХЭР: (Мыпхуэдэ цІэхэм япыт дэ ди «жаныр» хэгъэгъуэщапхъэкъым къэжэр-перс «джан» - (псэ) жыхуиІэм. Адыгэхэм къэдгъэсэбэпыр псынщІагъэ, жаныгъэ мыхьэнэкІэщ, хэлъэт зиІэуш), Налжан, ЖанцІыкІу, Гулэжан, Жангуащэ, Жаннагуэ, Нысэжан, Аслижан.

XVI. АДЫГЭ ЛІАКЪУЭХЭМ, НЭГЪУЭЩІ ДИ ГЪУНЭГЪУ-ЖЭРЭГЪУ ЛЪЭПКЪХЭМ Я ФІЭЩЫГЪЭЦІЭХЭМ КЪАТЕКІЫЖАХЭР: Хьэтыкъуэ, Шэшэн, Ингущ, Беслъэн, Къэбардэ, Шэрджэс, Шапсыгъ, Убых, Къущхьэ, Балъкъэр, Къалмыкъ, Къэрэшей, Нэгъусй, Абазэ, Мамхэгъ, Натхъуэдж, Бжьэдыгъу, Чэрчэн, Ермэлы, Къэжэр, Жанэ, Сонэ, Урым, Алыдж, Къумыкъу, Лакъэ.

XVII. ПСЭУЩХЬЭЦІЭ - ХЬЭКІЭКХЪУЭКІЭЦІЭХЭМ КЪАТЕХЪУКІАХЭР: Аслъэн, Къаплъэн, Дзыгъуэ, Бадзэ, Дыгъужь, Бажэ, Мэзыхьэ, Тlыжь, Тlыгъур, Лэу, ЛэупащІэ.

XVIII. ЩІЫПІЭЦІЭ – ПСЫЦІЭХЭМ КЪАТЕХЪУКІАХЭР: Къырым, Мысырокъуэ, Тэрчокъуэ, Хыкъуэ, Щам, Тэныкъуэ, ПсыдзэлІ, Хъурзанэ.

XIX. ЦІЫХУМ И ЩЫТЫКІЭР, И ТЕПЛЪЭ-ШЭРИЙР КЪЫЗЫХЭЩХЭР: Дзагуэ, Дэгу, Дэгужьей, Гъурыжь, Гуанэ, Шугуанэ, Вындыжь, КІагу, Зсущэ, Къарэ, Хужьэ, Бэвыжь, Жан, Нашэ, Льашэ, Лъэнщэ, Лъэкъыу.

XX. ЗЕКІУЭМ, ЗАУЭ ІУЭХУХЭМ КЪАТЕХЪУКІАХЭР: ЗекІуэлІ, ЗекІуэрей, ШэпІащэрыуэ, ШэщІ, Іэрыфlауэ, Абрэдж, Афэунэ, АфэщІыж, Джатэ, Джатэжь, Джатауэ, Джатэгъэжь, Джатэрывэ, Дзэгъащгэ, Дзэгъащтокъуэ, ЗекІуэ, Шэпагуэ.

XXI. ПСАЛЪЭ ЗЭХЭТХЭМ КЪАГЪЭЩІХЭР: Лlыжьыкъуэ, МэшпащІэ, Къущхьэщауэ, Тхьэгъэудж, ХьэфІыцІэ, Хьэтыкъуэкъуэшхуэ, БжьэпІытlІэпэ, Жэмыфэ, Шыуэдыкъуэ.

XXII. ЗЫГУЭР КЪЕХЪУЛІЭНЫМ, ІУЭХУ ХЭТЫНЫМ КЪЫТЕКІАХЭР: Джэдгъэф, Къалэбатэ, МафІэдз, Мэзукъэбз, Фомыт, ФочыцІэ, ХьэпэлъэшІ, Кхъуэтепыхьэ, Лъахъэдыгъу, Хьэлыщх, МатэщІэдз.

XXIII. МЭЖУСИЙ ДИНЫМ И ТХЬЭХЭМ, АХЭР ЛЪЫТЭНЫМ КЪАТЕХЪУКІАХЭР: Лъэпш, Лъэпщокъуэ, Амыщ, Ахын, Тхьэгъэлэдж, Тхьэбысым, Тхьэгъэпсэу, Тхьэзэплъ, Тхьэщыкъуей, Тхьэзрэт;

Мыбдеж гу лъытапхъэт мыпхуэдэ телъыджэм: - адыгэхэм я тхыдэ кІыхьыр

хэкухьумэж зауэхэм къыхэмыкIыурэ къахьа нэтми, зауэм и Тхьэ зэи яIакъым, ижь-ижьыж лъандэрэ пыщIэныгъэшхуэ зыхуаIа алыджхэм, румхэм яхуэдэу. Ар иджыри зэ щыхьэт тохъуэ ди лъэпкъыр зэи зауэ щIэкъуу зэрыщымытам, атIэ адыгэхэр зауэлI къэмылэнджэж зыщIар щхьэхъумэж зауэ мыухыжхэр ирагъэкIуэкIын къахудэхуэурэ къызэрекIуэкIаращ, егъэзыгъэкIэ мызауэмэ мыхъуу. Ди лъэпкъым иIар ЗекIуэтхьэщ, зекIуэлIхэр ежьэмэ лъэпкъхэр, къэралхэр къызэхакIухьу, ялъэгъуар зыхэкIахэм хуаIуэтэжу, зэпыщIэныгъэ, зэнэIуасагъэхэр къаублауэ къагъэзэжу.

XXIV. ПСЭУАЛЪЭХЭМ, КЪУАЖЭ-ЖЫЛЭХЭМ Я ЦIЭХЭМ КЪАТЕХЪУКIЫЖАХЭР: Хьэщпакъ, Гуэныжь, Жылэ, Жылэщх, Жылэтеж, Жылэкъан, Къалэбатэ.

XXV. ИДЖЫРИ ЗЭРАХЬЭУ УЗЫНЭЩIЭХУЭ НАРТЫЦIЭХЭР: Сэтэней, Сосрыкъуэ, Насрэн, Бадын, Бадынокъуэ, Ашэ, Ашэмэз, Iэдииху, Псэбыдэ, Щэуей, Пагуэ, Мэлэчыпхъу.

Адыгэхэм я тхыдэжьым уриплъэжмэ, Iэджэ лъэхъэни екIуэкIащ, зэхущытыкIэ куэди щыIащ, псэукIэми мызэу зихъуэжащ. Ауэ сыт щыгъуэ лъэхъэни сабий унагъуэм къыщихъуэкIэ цIэ фIэзыщу щытар езы сабийр къэзылъхуахэратэкъым, атIэ унагъуэм е лъэпкъым я нэхъыжьхэрат, дадэжь-нанэжьхэр мыпсэужмэ, а къалэныр зэшхэм я нэхъыжьым е унэкъуэщ нэхъыжьым, апхуэди ямыIэмэ, адэшыпхъум, анэщым къалъыст. Ахэри зыщхьэщымытыжхэм пщIэ зиIэу хьэблэм, жылэм дэсхэм фIрагъэщт. Сабийм хэт цIэ къыфIимыщами, Iэмал имыIэу абы «дзыгъуэ джанэ» къыхуищIт цIэ фIэшыпщIэу.

Сабий къалъхуам цIэуэ фIащыр куэдым елъытат: - къэзылъхуахэм хьэблэм, къуажэм пщIэуэ щаIэм, лъэпкъыр къазэрыхущытым, псэукIэу яIэм, и адэ-анэр къызыхэкIам (пщы, уэркъ, лъхукъуэщо, унэIут, пщылI), а псори Iуэхум къыхалъытэт. Сабийр зэрыхъуну зейхэр зыщIэхъуэнсыр, я IэщIагъэр, адрейхэм къарыщхьэщыкIыу езы сабийм и щытыкIэм зыгуэр кIэралъэгъуамэ, ари и цIэм дыщIагъут. Ауэ щыпкъэр зыщ: Бацэжь, Iэшэ, Пщагуэ, Iэпыч, Кхъуэтепыхьэ , ХьэпэнцIыв, Джэдгъэф сыт хуэдэхэр сабий къалъхуагъащIэм фIащу зэрыщымытар. Апхуэдэ цIэ лейхэр иужькIэ фIащыжт щхьэж и дуней тетыкIэ, и Iуэхущ Iафэ, и шэрий сытхэм, и Iэпкълъэпкъым дагъуэ иIэ хъуамэ къытехъукIыжурэ. Апхуэдэ фIэщыгъэцIэ лейхэр апхуэдизкIэ цIыхухэм якIэрыпщIэти, щысабийм зэрихьа цIэр ящыгъупщэжыпэт зэман текIмэ. Ди лъэпкъыр игъащIэми дзыус мэхъаджэу къогъуэгурыкIуэ, фIэщыгъэцIэ лей гуэр игъуэтыххэу уи цIэ дыдэмкIэ къоджэнукъым нэхъ уи ныбжьэгъужьрами. Ари Iуэхум къыхэлъытапхъэщ мы зэхуэтхьэсыжа цIэхэм фIэщ щIыгъуэйхэри къащыхэкIкIэ. Дэтхэнэ адыгэ къуажи дэбгъуэтэнущ тхылъышхуэ хьун цIэ лейрэ фIэщыгъэцIэрэ.

Шэч хэлъкъым ХьэпэлъэщI, Хьэгъэжей, ХьэIупэ, Лъахъэдыгъу, Джэдгъэф, Фызхэгъуагэ жыхуиIэм яхуэдэхэр цIэ лей, фIэщыгъэцIэурэ къежьэу, цIыхум дальагъумкIэ ирищIэнакIэурэ абы къызэрытенэжам. Нобэ зэманми ди

лъэпкъэгъу дапщэм зэрахьэрэ цIэ лейхэр, уеблэмэ мызу? Iэджэрэ къохъу дунейм ехыжа цIыхум и цIэ дыдэ сыным тратхар зейр къахуэмыцIыхужу «Мыр хэтыт?» - жаIэу щыщIэупщIэ.

И пэжыпIэкIэ къапщтэмэ, цIэр унагъуэцIэм илъэс мин бжыгъэкIэ ипэ итщ. Абы мыри щыхьэт тохъуэр: - адыгэхэм: «Уй цIэр умыгъэулъий, хъумэ!» - жаIэ нэхъ «унагъуэцIэр!» - жаIэкъым. Зыхуэсакъыу, нэ кугъуэм хуэдэу яхъумэу щытар цIэмрэ лъэпкъым и щIыхьымрэщ. Ауэ а псоми я щхьэж кIуэт Хэкур хъумэныр. Зи дуней зыхьуэжми кIэльыжаIэжыр мылъкуу иIамрэ ишхыфамрэкъым, атIэ и цIэ къабзэм къыдацтэну и лъэпкъымрэ Хэкумрэ IуэхуфIу яхуищIэфаращ, и цIыху напэр зэрихъумэфаращ.

Адыгэхэм я цIэ фIэщыкIэм нэхъапэ дыдэу гу лъитэу тетхыхьар XV - нэ лIыщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм езыр АдыгэщIым къакIуэу къыщызыкIухьа, куэдыфIрэ лъэпкъым яхэсу якIэлъыплъа генуэз зекIуэлI Джорджио Интерианощ. Ди лъэпкъым теухуауэ абы 1502 гъэм Венецием къыщыдигъэкIа тхылъым мыпхуэдэу щетх: «…Ахэм я фызхэр уарзэм холъхухьыр сабий къэхъум и япэ щIэдзыну уарзэ къабзэр щытын напщIэ. ИужькIэ сабийр псы ежэхым яхьри, абы япэ дыдэу хагъэпскIыхь, абыхэм я щIыпIэм щымымащIэ щIыIэми уаеми къыпымынэу. КъалъхуагъащIэм цIэуэ ират пэхъапэ сабийр къызэрыхъухьа унагъуэм къихьэм и цIэр. Ар алыджу, латину е хамэ лъэпкъыцIэ зэрихьэу щытмэ, цIэм и кIэм «ук» пагъэувэ. Псалъэм папщIэ: Петро – Петрук, Пауло - Паулук, нэгъуэщI куэдхэри…»

ЖыIэнхъэщ Украинэм я унагъуэцIэ кIэух «ко»- ри а адыгэцIэ къэгъэщIыкIэ «къуэ» жыхуиIэм къызэрытекIыжар: Николаенко – Николай и къуэ, Симоненко – Симон и къуэ, Довженко – Довж и къуэ н. ку. Украинэм «ко» - кIэ нухыу щызекIуэ унагъуэцIэ куэдым япыт адыгэ кIэухым езыхэм я бзэм мыхьэнэ гуэри щиIэу бзэ щIэныгъэлIхэм къахуэгъуэтакъым. Украинэм иджы иIыгъ Хы ФIыцIэ Iуфэм къэбэрдей лIакъуэр зэрыIусам и щыхьэту нобикI къэнащ адыгэ щIыпIэцIэхэр…

ЛIыщIыгъуэ блэкIам и 40 гъэхэм къыщыщIэдзауэ, зауэ нэужь илъэсхэри хиубыдэу адыгэхэм уз зэрыщIалэм хуэдэу къахыхьауэ щытащ я сабийхэм урысыцIэ фIэщыныр. Иджы лIыпIэ иувахэм ящIэж а илъэсхэм Юрэ, Мышэ, Анэтолэ, Наташэ, Лизэ, Любэ, Светэ сыт хуэдэхэр зи бын фIэзмыщым фIэмыгъуагъэт. Лъагъуныгъэ, гушыIэ уэрэд дапщэм халъхьауэ щыта а цIэхэр, псом хуэмыдэжу Юрэ! Иджыри а узыфэр тещхьэщыкIыпауэ пхужыIэнукъым, мащIэу нэхъ кIащхъэ хъуами.

А къэхъукъашIэри и щыхьэтщ СССР – у щыта къэралышхуэм лъэпкъыу ис псори зы лъэпкъ «Советский народ» (урыс лъэпкъыр и лъабжьэу. Тхьэ), а лъэхъэнэм партым и бжьыпэр зыIыгъа пэжыIужьхэм ящIын зэрамураца политикэ къуенцIым. ЦIыхухэр а политикэ пхэнж дыдэм апхуэдизкIэ иущэгуат, игъэундэрэщхъуати, лъэпкъ нэхъ мащIэхэм я интеллигенцисри абыхэм ядежьууэ щIадзат: – анэдэлъхубзэм, лъэпкъ щэнхабзэм, лъэпкъ литературэм, адэжь хабзэхэм, лъэпкъым зэхэтыкIэ дахэу иIахэм дыхуэмыйжу, коммунизмэм дызэрыхуэкIуэ «гъуэгу нэхум» лъахъэ хуэхъуу, ахэр блэкIам и

Iэужь зэран къэхьхэу, дунейм фIыгъуэ закъуэу тетыр «къуэш нэхъыжьым» сй псори арауэ. Апхуэдэ политикэр жэм быдз IэфI зыхуэхъуу, я жьэ щызу щIэфа ди лъэпкъ интеллигенцием яцыщхэм а лъэхъэнэм зэрану къахьар нобэми тхуэгъэзэкIуэжкъым зи бжыгъэкIэ нэхъ мащIэу къэралым ис лъэпкъхэм.

Нобэрей ди щIэныгъэлIхэми, ди жагъуэ зэрыхъунщи, цIыхухэм я пащхьэ къиувэу, бзэ зэхэтхъуакIэ мыпсалъэу анэдэлъхубзэ къабзэкIэ шэщIауэ дакъикъи I0–I5-кIэ янсэтъэфыну яхэтыр мащIэ дыдэщ, езы зызыгъэщIэныгъэлIхэм я бжыгъэм елъытауэ. Ари ищхьэкIэ зи гугъу тщIа «политикэ Iущым» и щIэин жагъуэщ, ноби щIагъуэ зыгхуемыщIэ ди лъэпкъ узыфэ гуащIэщ, кууэ лъапсэ зыдзарэ гъэхъужыгъуейуэ.

Апщыгъуэми ди адыгэбзэр апхуэдизкIэ бейщ, лъэщщи, абы зы мащIэкIэ уегугъу закъуэмэ, сыт хуэдэ щIэныгъэ лIэужьыгъуэми ехьэлIауэирижумыIэфын щIагъуэ щымыIэу щыт пэтми!

Ноби ди цIыхухэм куэдыкIейуэ яхэтщ телевизоркIэ къат сериал зэпылъэфахэм яхэту нэхъ ягу ирихьа «цIыхъужьхэм» я хамэцIэхэр я сабий къахуэхъуахэм фIэзыщи, фIэзыщыну пылъхэри. Апхуэдэу зыщIэхэр егупсыскъым а зыщIыпIи ебгъэпщI мыхъу хамэцIэхэр лажьэ зимыIэ сабийм и гъащIэ псом къыздрилъэфэкIын хьэлъэу зэрыкIэрашIэм. Арaщ Мусэ Петрович, Олег Амербиевич, Луис Султанович, Наташа Абубскировнэ, Анетэ Кушуковнэ жыхуиIэм хуэдэ гурымыхь зэкIэрыIуахэр къэзыпъэщIыр.

Зи бжыгъэкIэ Хэкужьым мащIэ дыдэу дыкъина адыгэ тIэкIум ди цIэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу хамэцIэ зэхэхъухьащ. АтIэ УрысеипхуэмІ зылI ибгъуэтэн и бынхэм яцыщ гуэрым адыгэцIэ фIищауэ, сыт хуэдэ ныбжьэгъугъэ абы адыгэ щIалэм димыIыгъми, уеблэмэ ажалым къригъэлауэ щытми! Хьэлэлри делэри зэпабж сыт шыгъуи. Ди лъэпкъым и цIэхэр зэрызэхиуцIэпIэжам нэгъуэщIу уеджэфынукъым уи щхьэ пщIэ хуумыщIыжынрэ тхьэмыщкIагъэрэ къинэмыщIауэ.

АдыгэцIэхэм яцыщу мащIэщ бгъуэтынур мыхьэнэ пыухыкIа къызэрымыкI, кIуэ, лъэхъэнэ жыжьащIэхэм къыщежьауэ, езыхэр къэнами, къарыкIыр ди дей къэмыса гуэрхэр мыхъумэ.

УмыгъэщIагъуэу къанэкъым адыгэцIэхэм яцыщу «хьэ - хь» - кIэ къригъажьэхэр IэджэкIэ зэрынэхъыбэр икIи а къомым къарыкIкIэ гугъу уезыгъэхь щIагъуэ яхэткъым.

Адрей лъэпкъыжьхэми яхуэдэу, адыгэхэми нэхъапэ дыдэу къаIэрыхьа, къагъэсэбэпа хьэцэпэцэ гъавэхэкIыр «хьэращ,» унэ псэупщхьэуи япэ къагъэIурыщIар мэзыхьэращ, абыи цIэуэ фIащар «хьэщ». А тIури цIыхум имыIэмэ мыхъунт, зыр гъэвапхъэу, зыр и хъумакIуэ пэжу. ПIуми щыIэшхуэ хуащIт, ахэмкIэ къригъажьэу е иухыу цIэ зезыхьэ цIыхур абы къихъумэу ялъытэт тотем папщIэу. НобикI адыгэхэм зэрахьэ ди лъэпкъыцIэхэми мымащIэу къыхохуэ «хьэмрэ» «хьымрэ» зыхэтхэр.

Дахэкъым нобэр къыздэсым ди бзэ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм зыри къазэрыхэмыкIар адыгэцIэхэр Iуэхуу къиштэу зэхуихьэсыжу, бзэ щIэныгъэм и хабзэхэмкIэ лъэныкъуэ псоми елэжьауэ дунейм къызэрытемыхьар. ЖыIэгъуейщ ари «сэбэп» хуэмыхъуауэ ди цIыхухэм адыгэцIэхэр кIуэ пэтми IэщIыб зэращIым.

Зэхуэтхьэса хъуахэм Iэмал зэриIэкIэ чыристан динми, муслъымэн динми къыздахьа цIэхэр зэрыхэдмыгъэхьэным дыпылъащ, ауэ, ипэкIи зэрыжытIауэ, псэу нэгъуэщIыбзэхэм къыздахьу ди бзэм «хэвыхьыжа» хъуахэр къанэ щымыIэу зэрыдгъэкъэбзэным дыпылъакъым. Иджы а Iуэхур зи пщэ къыдэхуэр бзэмкIэ щIэныгъэлIхэращ.

НобэкIэ зэхуэхьэса хъуа цIэ мин 15-м щIигъум яцыщу бзылъхугъэцIэхэр куэдкIэ нэхъ мащIэщ, Iыхьэ щанэми нэскъым. Абы и ущхьэгъу нэхъыщхьэу плъытэ хъунущ (ищхьэкIэ къызэрыдгъэлъэгъуауэ), ди лъэпкъ унагъуэцIэхэр къыщежьэм къагъэсэбэпар цIыхухъуцIэхэр арауэ зэрыщытыр, бзылъхугъэцIэхэм къытехъукIахэр зэрымащIэ дыдэр (закъуэ-тIакъуэщ).

Зэхуэхьэса хъуахэр щIэныгъэлIхэм бзэщIэныгъэм и щхьэлым щIагъэкIрэ дауэгъу зимыIэж дыдей дыдэу мини 10 хуэдиз къытхуэнэми, ари мащIэ дыдэкъым лъэпкъым и щIэблэм адэжь IэрыкIыу, хуэсакъыу зэрихьэну. Узэмыгугъумрэ зумыхьэмрэ нэхъ кIуэдыгъуафIэ сыт щыIэ?!

Мы лэжьыгъэм щыгъуазэ зищIу щыгуфIыкIа ди адыгэ щIэныгъэлI нэс, тхакIуэ хъарзынэ Нало Заур и чэнджэщкIэ адыгэцIэхэм япыдогъэувэ урыс тхыкIэкIэ ахэм нэхъ пэгъунэгъуу зэрытхыпхъэри, ар зэрыдгъэзэщIэфам щыуагъэ мыкIуауэ жыпIэнри езыр щыуагъэт, ауэ адыгэцIэхэр урыс алыфбэм ибгъэтIэсэныр нэгъэсауэ Iуэху гугъущ.

Арагъэнщ пасэми, блэкIа зэман гъунэгъуми тхылъхэм ихуа адыгэцIэхэм я IукIэу щытам и пэжыпIэр зэфIэгъэувэжыныр гугъуехьышхуэ зыхэлъ Iуэху зыщIыр.

Заур и чэнджэщкIэ бзылъхугъэцIэхэри щхьэхуэу къыдохь цIэм лъыхъуэхэм нэхъ къэгъуэтыгъуафIэ яхуэхъун папщIэ.

ДызэрегупсысымкIэ, адыгэцIэхэр тхылъ цIыкIуу тедзауэ адыгэ унагъуэхэми, ди лъэпкъ ЗАГС-хэми щIэлъыпхъэт я бын къэхъухэм фIащын цIэ киномрэ телевизорымрэ щымылъыхъуэхэу. Гъэ къэс мыхъуми сабий къэхъухэм я ныкъуэм адыгэцIэ фIащыжмэ, ари нобэрей зэман зэхэтхъуам текIуэныгъэшхуэу плъытэ хъунут!

Ди гугъэщ дэ тщIа тIэкIумкIэ ди лъэпкъым зэрихьа, иджыри зэрихьэ цIэхэм я беягъым мыкуууэ дыхэIэба къудейуэ. IIащIэми щIэльми иджыри дынэсакъым.

ЩIагъуэ къэмыгъэхъсяуэ иджыри къонэр ди лъэпкъым и нэхьыбэ дыдэр здиc хамэщIхэм щыпсэухэм зэрахьа, ноби зэрахьэ цIэхэри, ахэм я мызакъуэу адрей IуэрыIуатэ лIэужьыгъуэхэми я беягъ къомыр. Абы и IуэхукIэ дэ ди ныкъуэкъуэгъушхуэщ гущIэгъунщэ зэманыр. Нобэ пIэщIэкIым – пщэдей гъазэ иIэжкъым!

Сэбэпышхуэ къихьынт мы илъэс куэдкIэ дызэлэжьа, ауэ гъунэгъууи и кIэм нэдмыгъэса лэжьыгъэр зыпэщIэхуэу щIэзыджыкI дэтхэнэ адыгэми мыбы имыхуауэ ицIыху е къыпэщIэхуэ. шIэхэр итхыу ди хэгъуэгу газетхэм я редакцэхэм е НИИ-хэм IэщIагъэхьэтэмэ.

«Зэхэщэ – шэбэщ!» - жаIакъэ!

Шэрджэс Алий – РФ-м и тхакIуэхэм я Союзым хэт,
КЪШ Республикэм щэнхабзэмкIэ
щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ

Хьэбэз. I958 – 2007 гъ.гъ.

Черкесские имена

У каждого народа в этом нашем большом мире имеются только ему присущие личные имена, отличающие тот или другой народ от других. Исключением не является и наш черкесский народ, владеющий личными именами, присущими только черкесам и абазинам. Эти наши имена не используют другие народы, т.к. звуковой состав абхазо-адыгской группы языков не подвластны гортани других народов, настолько они трудно произносимы.

Под словом «черкес» объединены все адыгские племена, населявшие бывшую историческую Черкесию до ее завоевания русским царизмом. Происхождение самого слова «черкес» трактуется разными учеными по-разному. Большинство склоняются к его происхождению извне. Сами же все племена черкесов называют себя «адыгэ». Только вне территории проживания нашего народа используют название «черкес», как более известное как в России, так и во всем мире. Мы тоже воспользуемся этой известностью в нашей статье.

За свою многотысячелетнюю историю черкесам постоянно приходилось защищаться от иноземных захватчиков, которые не уставали жадно зариться на прекрасные земли и климат «Золотой Родины», как зовут свою отчизну сами черкесы. За этот длинный и полный невзгод исторический период нашему народу не выпало даже и одного века без войны для созидания, в бесконечных войнах потеряли и государственность, и письменность, унаследованные от наших пращуров - хаттов и синдов. Материальная культура и быт, созданные многими годами тяжким трудом народа, уничтожались с каждым нашествием бесчисленных врагов, ни с одним из которых черкесы никогда не враждовали, лишь сами подвергались нападению с целью захвата богатейших земель Черкесии.

Черкесы вообще никогда не были религиозными фанатиками с древнейших времен. Эта традиция, выступать при надобности и против богов, идет от наших праотцов-нартов. С небольшим послаблением после внедрения ислама в черкесскую среду против воли народа, эта традиция фактически сохранилась и сейчас. Даже в наши дни народ сохранил очень много деталей языческой религии, т.к. она была гораздо ближе к черкесскому менталитету. Когда черкес обращался к длинному списку пантеона языческих и других богов, то не с просьбой о том, чтобы бог ему в рот положил что-либо готовенькое, а лишь помогал, если может, в крайнем случае – не мешал.

Как и любой другой народ, черкесы тоже никогда не жили в изоляции, всегда были общительными с соседями, делились с ними всем, что у них есть, иногда даже и частью своей земли, хотя такая безмерная доброта оставалась зачастую безответной и часто вредила им.

У черкесов всегда была специальная прослойка рыцарей-наездников, которые только и тем занимались, что посещали и близлежащие и дальние страны и земли, узнавали у тамошних народов уклад жизни, строй языка, достижения

культуры и торговли, заводили знакомства и друзей и многое другое. Таких людей звали «зекIуэлI» - наездник, походный муж-путешественник (ЗекIуэн – ходить, ездить, лIы – мужчина).

Черкесы, как прирожденные воины, всегда могли ценить силу и мощь противника, смогли оценить наши предки и мощь России – они и нынешнее поколение смогли не откладывать в сердце ненависть мести к русским людям, хотя у нашего народа к тому имелся веский повод. Черкесский народ понял, что проиграл долгую, кровопролитную и разрушительную войну с несоизмеримым соседом-врагом, которому черкесы за всю свою историю не сделали ни малейшего зла, наоборот – наши князья и дворяне веками служили России верой и правдой и он, преданный соседом народ, предпочел признать поражение, но не рабство побежденных и, не стесняясь мужских слез, покинул под натиском многократно превосходящей и беспощадной силы противника горячо любимую землю.

Это был страшный геноцид против целого народа, которому аналогов по масштабу нет в мировой истории. Жалкие остатки народа, что предпочли не покидать родную землю, разбросано по нескольким регионам, разделенных казачьими станицами и русскими городами, так, что многие десятилетия осколки некогда большого и сильного народа не могли даже общаться между собой. Фактически от полного истребления черкесов и многих северокавказских народов спасла Великая Октябрьская социалистическая революция, почему эти народы считают день 7-го ноября и своим национальным праздником. Из одного народа образовали три: кабардинцы, черкесы, адыгейцы.

Такого слова, как «адыгеец» в черкесском лексиконе нет, низовых и приморских черкесов мы называем – «кIахэ», т.е. живущие на конечных землях Черкесии. Термин «адыгейцы» придумали правители новой власти, чтобы не получилось двух автономий с одинаковым названием.

Небольшой остаток нашего народа теперь живет в КБР, КЧР, РА и Причерноморской Шапсугии, которую лишили даже статуса национального района.

В своей долгой истории черкесы сменили три религии: языческая, христианская, мусульманская. Самой близкой народу из них была языческая, т.к. она была своя, выработанная многими тысячелетиями, позволяющая жить в большом ладу с родной природой, которую наши предки берегли как зеницу ока, была неотделимо близка к менталитету черкесского народа.

Эта религия просуществовала до 4-5 веков нашей эры, пока греческие и римские миссионеры не начали насаждать христианство в Черкесии и у других автохтонных народов Кавказа. Черкесы тоже приняли эту религию, но почти формально, ей придерживались в большинстве своем знать, а простой народ еще долгие годы оставался в язычестве.

Ислам начал проникать в Черкесию с XVI века, особенно после низложения черкесской мамлюкской династии в Египте и Сирии в 1517 году, которая длилась 135 лет. Тогда многие бывшие мамлюки вернулись в Черкесию,

воспитанные и обученные в духе ислама, что, несомненно, помогало турецким и крымским эфенди насильственно насаждать ислам среди черкесов. Этот процесс длился долго, вплоть до конца XVIII и середины XIX века.

Когда в 1848 году эмиссар Шамиля Мухамед-Амин прибыл в Западную Черкесию с целью создания Черкесской республики на основе мусульманского радикализма и продолжения войны с Россией под зеленым знаменем ислама, большинство племен западных черкесов еше разводили свиней, имея в каждом селе своих свинопасов. Это еще раз подтверждает, что процесс исламизации населения Черкесии был длительным и даже сегодня нельзя с уверенностью утверждать, что этот процесс закончен, чему подтверждение полупустые мечети в наших селах.

Каждая религия, когда распространяется среди того или иного народа, она несет с собой и присущие ей личные имена. Так случилось и с исламом в нашем народе. Нельзя не удивляться тому, , как арабские имена почти полностью заменили за сравнительно короткий исторический отрезок времени (около 300 лет) черкесские имена, сопутствовавшие нашему народу тысячелетия! Этот феномен отчасти можно объяснить практически одинаковым звуковым составом арабского и черкесского языков, легкостью произношения арабских имен и их благозвучностью. Нельзя здесь исключить и тяга любого народа к новизне.

От христианской религии остались в нашем языке мало слов и понятий, тем более имен: Щоджэн – поп, ЩоджэнцIыкIу – помощник попа, малый поп, Къардэн – дьякон, Аущ Джэрджий – Святой Георгий, Джэрджэ – Георгий, Iугъэгъу – большой пост, бэрэздж – пост, IутIыж – разговение, пасха; члисэ – церковь, бэрэскэжьей –маленький праздник – среда; бэрэскэшхуэ – пятница – большой праздник.

Любой народ становится ближе к религии во время больших бедствий: войны, природных катаклизмов, обвала экономики страны и т.д. Когда народ живет в экономически и политически стабильном государстве, он благополучно сосуществует с религией без напряжений, без фанатизма и экстремизма. А когда в государстве большинство народа фактически нищенствует и без работы, всплывают все негативные течения и экстремистские группировки, присущие почти каждой религии.

Любую религию надо блюсти чисто, с чистой совестью и чистыми руками, грамотно, без отсебятины, чтобы приверженцы той или иной религии побольше знали о канонах этой религии. Религиозная грамотность населения наравне со светской образованностью масс, поддерживаемая и материальным благополучием – большое благо для спокойной жизни и развития любого государства.

Нынешнее нелепое положение с собственно черкесскими именами, когда почти более 80 % личных имен заменены арабскими или заимствованными у других народов, толкнуло нас к сбору и систематизации их со студенческих лет. Во время сбора этих имен использовано много архивного материала, труды языковедов, этнографов, путешественников, журналистов, миссионеров-

иностранцев, отечественных ученых и писателей, в том числе и первых черкесских просветителей, получивших образование в России и за рубежом. Использованы и длинные списки русских военных чиновников, составленные во время подворных переписей и в период изгнания черкесов в Турцию, которые рассекречены за последние годы. Использованы также и полевые материалы автора этих строк, собранные у черкесской диаспоры за два посещения Турции в 1994 и 2003 годах. Много дали и материалы этнографических и культурологических экспедиций НИИ и творческих коллективов КБР, КЧР и РА в страны проживания черкесской диаспоры в настоящее время. Широко использован богатейший фольклорный материал нашего народа, собранный автором в непосредственном контакте с респондентами в течение более полувека. Использована вся национальная литература и газетные материалы за период с перехода алфавита всех черкесов СССР на основу кириллицы.

Эту работу мы даже близко не считаем завершённой, т.к. остается еще целый нетронутый пласт у черкесов-изгнанников, живущих ныне в десятках государств Ближнего Востока, Европы, Азии и Америки. Нам удалось собрать более 15,5 тысяч на сегодняшний день. Сбор еще продолжается, прибавляя каждый день несколько интересных имен.

В своей работе мы старались не включать в список имен те, которые привнесены в наш народ чужими религиями.

Даже в этих неимоверно трудных условиях выживания, в которые исторические события поставили наш свободолюбивый и живучий народ, он сумел создать ни с чем не сравнимый кодекс чести и порядочности – Адыгэ Хабзэ – Черкесский Этикет, который регламентирует каждый шаг жизни черкеса со дня рождения и до последнего его вздоха и правила почитания и похорон усопших. Такого подробнейшего свода неписаных законов нет практически ни у одного народа мира. Адыгэ Хабзэ позволил нашему народу много тысяч лет обходиться без тяжелого государственного аппарата, полиции, тюрем, без телесных наказаний, без армии постоянного состава. Наш народ через многие тяжелые века пронес непреходящее чувство Адыгства, основным составляющим которого является Нэмыс – стыд, порядочность и доброта.

В сердце каждого черкеса с раннего детства закладывается чувство беспредельной верности Родине, своему Народу. Это чувство оставляет его только с уходом в могилу. На всем протяжении жизни черкеса над ним всегда витает вопрос, сдерживающий и князя и простолюдина: «Что обо мне скажут люди?». Имеются в виду и совершенно чужие ему люди. Этот вроде простой вопрос не дает настоящему, воспитанному черкесу совершать недостойный поступок и при людях, и в поле, и в лесу, когда его никто не видит, кроме его собственной совести. Раньше этот вопрос являлся для него и полицией, и властью, и правительственным надзором, чего до сих пор не смогли понять большинство отечественных и зарубежных мужей от науки и политики!

Если сегодняшним нашим Мухамедам, Ибрагимам, Фатимам и Мурзиятам, Иванам и Михаилам, Наташам и Изольдам показать те личные имена наших

предков до исламизации Черкесии, многие удивятся и не поверят, что черкесы сравнительно недавно прекрасно уживались с такими именами. Конечно, это прискорбно, ибо без знания своей истории, прошлого – трудно шагать в будущее успешно.

За нашу долгую историю много врагов прошлись по Черкесии. Часть из них оставались в нашем народе и постепенно ассимилировались. Переходили в наш язык и часть слов из этих наречий, на котором говорили, смешавшиеся с нашим народом люди. Так что, и черкесский язык не оставался каким-то застывшим, окаменевшим. Он развивался, обогащался, подчиняясь всемирным законам взаимовлияния. Слова, давно вошедшие в наш язык, настолько стали привычными, что их уже не отличить от истинно собственных, у них нет и религиозного налета: Аслъэн, Долэт, Елдар, Адэмей, Едыдж, Наурыз, Темыр, Бэрэгъун и мн. др.

К нашему счастью, личные мужские имена черкесов в своем большинстве стали впоследствии фамилиями, что их спасло от забвения. Так как за редким исключением женские имена не становились фамилиями, их осталось гораздо меньше мужских.

Когда мы говорим «Черкесские имена», следует иметь в виду, что в мире ни один народ не может развиваться в полной изоляции. Народы всегда общаются между собой, происходит взаимообмен словами, материальной культурой, искусством, ведут торговлю, к сожалению, часто и воюют между собой. В изоляции никогда не была и историческая Черкесия, она широко общалась с соседями, часто оказывала им и военную помощь в трудные дни, часто укрывали у себя целые народы или племена. В таких условиях и наш язык тоже попутно обогащался заимствованными словами и именами.

В настоящую работу вошли такие имена, зачастую и не имена даже, а клички, которыми современный черкес своего ребенка никогда не назовет. Конечно, можно было их занести в картотеку и отложить в архив, была и такая мысль, но все они являются частью истории нашего народа, кроме отдельных ученых, из рядовых граждан кто пойдёт в архив разыскивать эти старинные и не очень благозвучные имена? Практически – никто! То ли дело книга. Когда человек начнет для своего чада искать имя в специальной книге, волей-неволей он наткнётся и на те, которые были в употреблении у наших предков, он хоть будет знать, что были и такие имена. Поэтому сочли более целесообразным оставить их в списке.

Анализируя дела и деяния наших предков с высоты сегодняшнего нашего миропонимания и развития науки и культуры, можно без всякого сомнения найти много ошибок, просчетов, которых бы мы не допустили. Если у кого-то когда-либо возникнет такая мысль и он (она) начнет обвинять или упрекать в чем-то наших предков, то пусть он или она поставит себя хотя бы на минуту на место того обвиняемого или упрекаемого предка – не умевшего ни читать, ни писать; не имевшего даже элементарного образования, кроме природной смекалки и крестьянской хватки; появляться на свет во время войны, вырасти в войне и погибнуть в ней в расцвете сил; из-за бесконечных вторжений на нашу

священную землю завоевателей не иметь возможность даже построить порядочное жилье, достойное человеку и т.д.

Самой разрушительной, самой жестокой и кровавой в истории нашего народа была Русско-Кавказская война, которая фактически началась с Азовского похода при Петре I. Наиболее трагичными и безжалостными были 1763 – 1864 годы, когда вопреки здравому смыслу, Екатерина II развязала войну против черкесского народа, который всегда был добрым и бескорыстным соседом России, князья и дворяне наши строили Русское централизованное государство с Иваном Грозным. Целая плеяда Бековичей-Черкасских служили России, не жалея ни сил, ни самой жизни до самой Октябрьской революции 1917 года.

